



## **POLITIK SOU ASISTANS FINANSYE LOPITAL NUVANCE HEALTH YO**

**Aplikab: 6/1/23**

### **I. POLITIK**

**A. Enfòmasyon Jeneral:** Nuvance Health (“Nuvance”) se pa yon antite pou fè pwofi, se yon antite ki genyen eggansyon taks ki angaje nan avansman sante ak byennèt kominote li yo pandan l ap bay sèvis swen sante wot kalite ak sèvis swen sante ki rantab. Nan kad misyon sa a, Nuvance angaje nan bay asistans finansye pou pèmèt ou resevwa tretman medikal ki nesesè ak swen medikal an ijans nan lopital Nuvance yo san konsidere kapasite pou peye. Politik Asistans Finansye sa a (“Politik” oswa “FAP”) dwe aplike pou swen pasyan entène ak swen anbilatwa ki founi pa lopital Nuvance sa yo (chak, yon “Lopital” epi kolektivman “Lopital yo”):

- Danbury Hospital (ki genyen ladan kanpis New Milford Hospital li a)
- Norwalk Hospital
- Sharon Hospital
- Vassar Brothers Medical Center
- Putnam Hospital Center
- Northern Dutchess Hospital

Politik sa a aplike pou lopital yo ak anplwaye lopital yo men li pa aplike ak tout founisè ki kapab ofri sèvis bay pasyan yo nan Lopital yo. Yon lis founisè ki founi swen medikal ki nesesè ak swen medikal an ijans anndan Lopital yo, avèk enfòmasyon sou si sèvis sa yo kouvri pa Politik sa a, lis sa a atache ak Politik sa a kòm Anèks 1.

**B. Sèvis ki Kouvri:** Nan kad misyon byenfezans li a, Nuvance bay asistans finansye, ki genyen ladan san limitasyon, swen gratis oswa swen avèk diskont (“Asistans Finansye”) pou pasyan ki elijib k ap resevwa tretman medikal an ijans ak lòt tretman medikal ki nesesè (jan sa detèmine selon nòm medsin ki jeneralman aksepte nan kominote a) selon Politik sa a. Politik sa a ekskli sèvis ki pa medikalman nesesè, tankou pwosedi komestik fakilitatif, sal prive oswa enfimyè prive, ak sèvis fakilitatif pou rann bagay yo pi fasil.

**C. Objektif:** Nuvance regilyèman revize Politik sa a pou asire ke tout tan li: (i) reflete filozifi ak misyon Nuvance; (ii) eksplike pwosesis pou jwenn Asistans Finansye; epi (iii) respekte tout lwa, règ ak règleman onivo federal ak onivo eta ki aplikab, ak règleman konsènan dispozisyon Asistans Finansye pou pasyan ki elijib yo, ki genyen ladan, san limitasyon, Seksyon 501(r) nan Kòd Revni Entèn 1986 la, jan li amande a, ak Regleman Trezò ki pibliye dapre kòd revni an. Sizoka lwa, règ oswa regleman yo chanje, yo ajoute nan yo oswa yo klarifye atravè gid entèpretatif, Nuvance pral modifye politik sa a ak pratik li yo tou, epi li pral reyalize Politik sa a selon lwa, règ, regleman ak ki aplikab ki jere Lopital yo. Si ta genyen nenpòt diferans ant Politik sa a ak lwa, règ, ak regleman



ki aplikab yo, Politik sa a ta dwe entèprete nan yon fason pou li kapab konfòm ak lwa, règ, ak regleman ki aplikab yo.

**D.** Nuvance mentni yon Politik sou Kredi ak Politik Koleksyon ki separe, yon kopi gratis disponib pandan n ap kontakte **Sèvis Finansye Pasyan an nan (203) 730-5800**. Politik sou Kredi ak Politik sou Koleksyon an defini aksyon ak kalandriye mezi sa yo ke yo kapab pran sizoka yo detèmine montan ki pa peye yo se responsablite pasyan an selon Politik sa a. Jan sa note anba a, Nuvance pa pral kòmanse mezi koleksyon kont yon pasyan anvan li pèmèt pasyan an aplike pou Asistans Finansye (oswa pandan yon aplikasyon konsa ankou).

**E.** Pasyan, manm fanmi oswa lòt moun ki genyen nenpòt kesyon konsènan Politik sa a oswa lòt politik Nuvance konsènan diskont ak peman pou swen ka kontakte Depatman Counseling Finansye Nuvance lan nan:

- Danbury Hospital: (203) 739-7773  
24 Hospital Avenue, Danbury, CT 06810  
5yèm etaj nan Inite Komèsyal Tower Lobby (San Randevou Lendi-Vandredi, 9 a.m. – 4 p.m.)
- Norwalk Hospital: (203) 899-1579  
34 Maple Street, Norwalk, CT 06856  
1ye etaj Trefz Lobby (San Randevou Lendi-Vandredi, 9 a.m. – 4 p.m.)
- New Milford Hospital: (860) 210-5427  
21 Elm Street, New Milford, CT 06776
- Sharon Hospital: (860) 364-4275  
50 Hospital Hill Road, Sharon, CT 06069  
1ye Etaj (San Randevou Lendi-Vandredi, 8 a.m. – 4:30 p.m.)
- Vassar Brothers Medical Center: (845) 431-5693  
45 Reade Place, Poughkeepsie, NY 12601  
2yèm Etaj Community Circle (San Randevou Lendi-Vandredi, 8:30 a.m. – 5 p.m.)
- Putnam Hospital Center: (845) 279-5711, x4789  
670 Stoneleigh Avenue, Carmel Hamlet, NY 10512  
1ye Etaj Lòbi (San Randevou, Lendi-Vandredi 7:30 am – 4 p.m.)
- Northern Dutchess Hospital: (845) 871-4347 6511 Spring Brook Avenue, Rhinebeck, NY 12572  
Lòbi Prensipal (San Randevou, Lendi-Vandredi 8 a.m. – 4 p.m.)

Politik Sa a , Rezime an Langaj Senp Politik sa a, ak Politik sou Kredi ak Koleksyon Nuvance yo disponib tou sou entènèt nan:

**WWW.NUVANCEHEALTH.ORG/FINANCIALASSISTANCE**



## II. ELIJIBILITE AK DETÈMINASYON ASISTANS FINANSYE

**A. Elijibilite:** Yon pasyan kapab elijib pou Asistans Finansye si pasyan an: (i) genyen asirans sante ki limite oswa pa gen okenn asirans sante; (ii) pa elijib pou pwogram asistans medikal gouvènman an (pa egzanp, Medicaid); oswa (iii) li otreman pa anmezi pou peye pou swen yo baze sou sikontans finansye endividiyèl pasyan an (ki genyen ladan akoz difikilte medikal potansyèl). Pou jwenn Asistans Finansye, yon pasyan dwe kowopere avèk Nuvance pou li bay enfòmasyon ki obligatwa yo ak dokimantasyon finansye, demonstre “bezwen finansye” sou baz kritè FAP a, ki genyen ladan **Anèks 1**, epi itilize tout posiblite peman tyès pati yo ki disponib pou pasyan an yon fason rezonab. Lè y ap detèmine sikontans finansye endividiyèl yon pasyan, Nuvance kapab konsidere egzistans gwo dét medikal, egzijans sou franchiz plan an, epi yo kapab mande lòt dokimantasyon anplis konsènan byen ak frè sibzistans selon Politik sa a (akondisyon Nuvance p ap konsidere rezidans yon pasyan kòm byen, oswa montan yo retni nan kont epay retrèt ki genyen enpo difere oswa konparab, kont epay pou etid, oswa machin pasyan an oswa manm fanmi imedya yo itilize regilyèman). Pou evite dout, Lopital Nuvance yo nan New York p ap egzamine oswa pran byen yon moun (ki genyen ladan lòt byen ki diferan de aktyèl fòm revni ki dekri nan II(B) anba) a an konsiderasyon pou rann yon desizyon konsènan disponiblite Asistans Finansye kote lwa eta a entèdi sa, epi Lopital Nuvance nan Connecticut yo pral sèlman egzamine oswa pran byen yon moun an konsiderasyon si lè yo fè sa, sa t ap pèmèt moun nan vin elijib pou sa, oswa ogmante montan asistans finansye a selon Politik la. Pou objektif Politik sa a, yo itilize tèm “pasyan” an pou sa ki konsène pasyan an oswa sous peman ki aplikab pou swen pasyan an (*tankou*, paran, gadyen legal, konjwen, oswa lòt pati ki responsab), epi referans pou “revni” dwe dezinye revni fanmi an sof si sa endike yon lòt fason.

**B. Bezwen Finansye:** Yo pral konsidere ke pasyan an genyen bezwen finansye sou baz Gid Federal la sou Povrete ki aplikab nan moman an (“FPG”) ki pibliye pa Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an (U.S. Department of Health and Human Services). Tablo ki anba a prezante egzijans revni yo ak diskont ki asosye yo sou frè pou sèvis Nuvance te rann yo. Revni yo genyen ladan revni ak salè, frè ki resevwa, domaj-enterè oswa lòt peman ki dwe peye aprè jijman legal yo, konpansasyon chomaj, konpansasyon travayè, dividann, chèk enterè, ak lòt sous revni rekiran jan pasyan an dokimante yo selon Politik sa a.



REVNI FAMILYAL PASYAN AN	DISKONT
Nan 300% oswa pi ba FPG a	100% oswa Swen Gratis
Pi wo ke 300% jiska 350% nan FPG a	75% Diskont
Pi wo ke 350% jiska 400% nan FPG a	Diskont AGB Montan yo Jeneralman Faktire  <b>(% Varye Chak Ane pou chak Lopital-gade Anèks 1 pou jwenn Detay)</b>

C. Kalkil Montan Yo Faktire: Nan okenn ka, yo p ap faktire yon pasyan ki elijib pou Asistans Finansye selon Politik sa a pou swen dijans ak swen ki medikalman nesesè pou plis pase montan chak lopital jeneralman faktire a (“AGB”) pou moun ki genyen asirans ki kouvri swen ijans oswa swen ki medikalman nesesè a, epi pou sa ki konsène tout lòt swen medikal, yon montan ki egal oswa ki plis pase frè brit pou swen sa a. Pou kalkile AGB a, Nuvance itilize “Metòd Retwospektif (Look Back Method)” sou baz frè komèsyal ak Medicare fee-for-service. Montan nèt yo dwe faktire yon pasyan ki kalifye pou asistans finansye selon dokiman sa a pral detèmine pandan (i) y ap kalike frè brit pou sèvis yo te bay pasyan an, epi (ii) y ap aplike diskont ki awopriye a (jan sa detèmine selon sa ki anwo a ak nan Anèks 1 an).

Sepandan anvan sa, Nuvance kapab pwolonje diskont oswa tarif espesifik pou pasyan ki elijib pou FAP pandan y ap satisfè kritè espesifik nan swa Connecticut oswa New York selon lwa ak regleman ki aplikab nan eta sa yo, ki genyen ladan sa ki swiv la:

### New York

Pasyan ki genyen revni nan 100% oswa ki pi ba ke FPG a elijib pou resevwa sèvis swen sante an ijans ak sèvis swen sante ki medikalman nesesè gratis oswa nan nivo peman nominal pou sèvis byen presi ki defini pa Depatman Sante Eta New York la.

### Connecticut

Selon Conn. Gen. Stat § 19a-673, yon Lopital nan Connecticut p ap faktire yon pasyan nan Lopital la (jan sa defini selon lwa a) ki pa Asire epi ki genyen revni (sèlman, san konsidere byen ki disponib yo) nan 250% oswa pi ba ke FPG a plis pase frè lopital la pou bay pasyan an sèvis yo (ki kalkile kòm frè Lopital la pibliye nan moman faktirasyon an, miltipliye pa frè lopital la nan pousantaj frè ki deklare bay Biwo Estrateji Sante a nan dènye rapò finansye anyèl Lopital la ki disponib la).



**D. Prezonpsyon pou Elijibilite:** Pasyan nan lopital yo ki genyen revni nan 300% oswa pi ba nan FPG a pral konsidere kòm elijib sou prezonpsyon pou Asistans Finansye selon Politik sa a. Kote sikonstans yon pasyan endike ke pasyan an kapab elijib pou Asistans Finansye isit la, men yon Lopital pa genyen aksè ak ase dokimantasyon finansye oswa enfòmasyon konsènan pasyan an pou pran yon rezolisyon sou elijibilite FAP an, Nuvance kapab repoze sou yon rezolisyon alavans sou elijibilite pou Asistans Finansye, Nuvance kapab repoze sou sous tyès pati oswa enfòmasyon li deklare poukонт li konsènan sikonstans lavi pasyan an pou pran yon rezolisyon sou prezonpsyon elijibilite pou Asistans Finansye, ki genyen ladan men san limite ak lè yon pasyan se yon sanzabri, lè pasyan an fè sijè yon fayit ki apwouve pa yon tribunal, oswa li mouri san konjwen oswa byen. Sous tyès pati sa yo kapab genyen ladan men pa limite ak pwogram lojisyèl endistri swen sante a ki entegre done dosye piblik yo pou kalkile yon nòt kapasite finansye ak yon nòt kapasite sosyo-ekonomik ki ka itilize an retou pou evalye elijibilite pou Asistans Finansye.

**E. Non-Diskriminasyon:** Nuvance p ap konsidere ras, idantite seksyèl, laj, oryantasyon seksyèl, afilyasyon relijye, andikap, nasyonalite, sitiyasyon imigran oswa sitiyasyon sosyal, kondisyon medikal (apade limitasyon eksklizyon sou baz nesessite medikal oswa avantaj terapeutik/klinik yon pwosedи oswa yon tretman), oswa sitiyasyon veteran lè y ap bay swen sante oswa lè y ap pran rezolisyon sou elijibilite selon Politik sa a.

### **III. PWOSEDI AK OBLIGASYON POU JWENN ASISTANS FINANSYE**

- A. Avi pou Pasyan yo:** Yo pral enfòme tout pasyan yo konsènan disponiblite Asistans Finansye selon Politik sa a.
- B. Asistans pou Pasyan an:** Depatman Counseling Finansye Nuvance pral asiste pasyan yo lè y ap enskri nan pwogram asistans gouvènman federal ak pwogram asistans eta a, ki genyen ladan, men pa limite ak Pwogram Echanj Swen Sante a. Yo kapab kontakte konseye finansye ki fòme ak lòt pèsonèl pou jwenn èd pou ranpli Aplikasyon pou Asistans Finansye a oswa pou nenpòt lòt materyèl ke Nuvance egzije selon Politik sa a:
  - Danbury Hospital: (203) 739-7773
  - Norwalk Hospital: (203) 899-1579
  - New Milford Hospital: (860) 210-5427
  - Sharon Hospital: (860) 364-4275
  - Vassar Brothers Medical Center: (845) 431-5693
  - Putnam Hospital Center: (845) 279-5711, x4789
  - Northern Dutchess Hospital: (845) 871-4347

C. **Kalandriye Rezolisyon yo:** Nuvance pral eseye pran yon rezolisyon elijibilite FAP pandan pre-enskripsiyon oswa anvan egzeyat la. Sepandan, **yon pasyan kapab mande konsiderasyon nenpòt lè aprè egzeyat la oswa aprè dat sèvis la, epi Nuvance pral evalye elijibilite yon pasyan selon Politik sa a jan pasyan an mande sa, jiska konsiderasyon pandan faz koleksyon ak faz jijman an.** Nou ankouraje pasyan yo pou kontakte Depatman Counseling Finansye Nuvance lan si sikontans yo chanje oswa si yo idantifye lòt bezwen anplis. Konseye Finansye Nuvance yo pral revize tout enfòmasyon ke pasyan an bay ak sikontans ki koresponn konsènan bezwen Asistans Finansye, yo pral fè yon detèminasyon elijibilite, epi yo pral enfòme pasyan an konsènan obligasyon finansye 1 yo, si genyen, jan sa defini anba a.

D. **Pwosedi Administratif:**

1. Manm pèsonèl lopital la pral touswit transfere yon kopi dosye pre-admisyon nenpòt pasyan ki pa genyen asirans bay konseye finansye Nuvance lan. Konseye Finansye yo pral kontakte pasyan an pou pwograme yon entèvyou finansye osito sa posib, men li pi bon pou fè sa anvan admisyon pou yon sèvis ki pa ijan epi ki medikalman nesesè, epi anvan egzeyat oswa sòti pou yon admisyon an ijans oswa pou sèvis anbilatwa. Pou sèvis an ijans yo, Nuvance p ap retade depistaj oswa tretman yon kondisyon medikal an ijans pou fè yon entèvyou finansye oswa pou okenn lòt rezon ki lye ak Politik sa a. Chak Lopital dwe respekte obligasyon li yo konplètman selon Lwa sou Tranche Aktif ak Tretman Medikal an Ijans (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act, EMTALA) pou trete pasyan ki prezante yon kondisyon medikal dijans (jan sa defini selon EMTALA a). Pou detèmine si yon pasyan elijib pou Asistans Finansye, yo pral egzije pasyan an pou ranpli Fèy Kalkil Finansye Pasyan an (gade **Anèks 2-CT ak 2-NY**). Yo pral mete Fèy Kalkil la disponib fasilman pou pasyan yo atravè metòd ki genyen ladan (san limitasyon) afiche sou sit entènèt Lopital la, distribisyon nan zòn Admisyon ak zòn Enskripsiyon Pasyan an nan Lopital yo ak biwo Counseling Finansye Pasyan an, ak enklizyon nan klasè enfòmasyon yo bay nan chanm pasyan yo.

2. Pasyan yo dwe retounen Fèy Kalkil la bay konseye finansye a nan anvlòp ki genyen so ki oto-adrese ke Lopital la bay la nan delè ki pa depase ven (20) jou aprè pasyan yo fin resevwa Fèy Kalkil la. Si yon pasyan pa rive bay enfòmasyon yo egzije yo nan delè a, Nuvance pral konsidere aplikasyon pasyan an kòm inaktif epi li p ap bay Asistans Finansye sof si yo detèmine ke pasyan an elijib nan yon lòt fason (akondisyon ke yon pasyan pral genyen yon opòtinite pou relouvri yon aplikasyon ki inaktif, pou re-aplike pou Asistans Finansye, pou fè apèl yon refi ke Nuvance te fè, epi pasyan yo ka bay enfòmasyon anplis pou soutni yon demann pou Asistans Finansye nenpòt lè). Pasyan yo genyen obligasyon pou kowopere ak pou bay nan bon moman tout enfòmasyon ki nesesè yo. Nuvance pral fè efò ki rezonab pou ofri ak pou bay pasyan yo asistans konsènan fason pou ranpli Fèy Kalkil la. Sepandan, si asistans nesesè pou rasanble enfòmasyon oswa materyèl ki nesesè nan kad pwosesis kalifikasyon pou Asistans Finansye a, konseye finansye yo disponib pou asiste pasyan yo nan evalyasyon sitiayison finansye yo, pou rasanble enfòmasyon Nuvance mande yo, epi ede avèk tach menm jan:



<input type="checkbox"/> Danbury Hospital:	(203) 739-7773
<input type="checkbox"/> Norwalk Hospital:	(203) 899-1579
<input type="checkbox"/> New Milford Hospital:	(860) 210-5427
<input type="checkbox"/> Sharon Hospital:	(860) 364-4275
<input type="checkbox"/> Vassar Brothers Medical Center:	(845) 431-5693
<input type="checkbox"/> Putnam Hospital Center:	(845) 279-5711, x4789
<input type="checkbox"/> Northern Dutchess Hospital:	(845) 871-4347

3. Nan kad pwosesis entèvyou finansye a, konseye finansye yo pral mande dokimantaston sa yo pou trete ak pou valide aplikasyon pou Asistans Finansye yo:

Dokimantaston Sipò ki Obligatwa	Egzanp Dokimantaston ki Akseptab
Konfirmasyon Revni Anyèl	Dènye Deklarasyon Revni Federal la (fakilitatif, epi pa kapab obligatwa pou yon pasyan nan New York) Dènye 4 talon peman chak semèn yo oswa dènye 2 souch peman chak de semèn yo Dènye Fòm W-2 oswa 1099-MISC Lèt Atribisyon Sekirite Sosyal la Deklarasyon Chomaj Lèt Atribisyon Konpansasyon Travayè V.A. Lèt oswa Deklarasyon Avantaj
Verifikasyon Nimewo Sekirite Sosyal ak/oswa Dat Nesans	Lisans Chofè Kat Identifikasiyon Eta a Bay Paspò Kat Sekirite Sosyal Sètfika Nesans Sètfika Batèm Dokiman Dechaj Militè Kat Rezidan Pèmanan pou Etranje (Kat Vèt) Dosye Lekòl ki Sètifye
Verifikasyon Rezidans	Deklarasyon Ipotèk Akò Lwaye/Kontra Lwaye Fakti Enpo Deklarasyon Chanm ak Pansyon Fakti Sèvis Verifikasyon Ekri de Mèt Kay la



- E.** Dokimantasyon Sipò ki mansyone anwo a obligatwa pou pasyan k ap chèche Asistans Finansye. Sepandan, Nuvance nan diskresyon 1 kapab anile egzijans pou bay kèk oswa tout dokimantasyon selon sikontans ak kapasite pasyan an pou jwenn dokimantasyon. Nuvance kapab repoze sou dokimantasyon li resevwa nan men òganizasyon kredi yo oswa lòt antite ekstèn yo, ki genyen ladan patnè kominotè yo, pou detèmine elijibilite yon pasyan pou Asistans Finansye.
- F.** Pasyan yo genyen yon obligasyon pou bay nan bon moman enfòmasyon rezonab ke Nuvance mande yo pou pèmèt Nuvance pran yon rezolisyon konsènan elijibilite yon pasyan pou Asistans Finansye. **Si yon pasyan deklare ke pasyan an pa genyen mwayen pou peye men li pa rive bay enfòmasyon ki rezonab ke Nuvance mande, epi pasyan an nan yon lòt fason pa satisfè kritè pou yon prezonzyon rezolisyon elijibilite, yo p ap bay okenn Asistans Finansye, epi yo kapab pouswiv efò koleksyon nòmal yo nan sèl diskresyon Nuvance selon Politik sou Kredi ak sou Koleksyon yo. G. Pwoesisi Elijibilite ak Notifikasyon:**
1. Lè yo resevwa yon Fèy Kalkil Pasyan an, Depatman Counseling Finansye a pral revize aplikasyon pasyan an pou detèmine si li konplè, ki genyen ladan tout dokimantaston ki obligatwa yo. Si li pa konplè, yo pral retounen aplikasyon an bay pasyan an pou fini l. Si Nuvance retounen yon aplikasyon ki pa konplè bay yon pasyan, konseye finansye a pral eseye kontakte pasyan sa a nan telefòn. Si konseye a pa anmezi pou jwenn pasyan an nan telefòn, yo pral ofri pasyan an yon entèvyou pa telefòn oswa yon entèvyou an pèsòn pou detèmine elijibilite pasyan sa a pou Asistans Finansye. Si Nuvance pa anmezi pou jwenn pasyan an nan telefòn, oswa pa genyen okenn nimewo telefòn site ki disponib, konseye finansye a pral voye yon lèt bay pasyan an ki detaye kisa ki nesesè epi ki eksplike pasyan an ke se responsablite l pou kontakte Depatman Counseling Finansye a oswa otreman bay enfòmasyon ki manke yo nan delè ki pa depase trant (30) jou aprè li fin resevwa lèt la. Konseye finansye Nuvance ki fòme yo pral ofri pou rankontre pasyan an pou asiste l nan ranpli aplikasyon an pou Nuvance kapab genyen tout enfòmasyon ki nesesè pou pran yon rezolisyon pou elijibilite pasyan an pou Asistans Finansye.
  2. Depatman Counseling Finansye a pral ranpli Fòmilè Detèminasyon pou Elíjibilite Asistans Finansye ki atache kòm **Anèks 3**, epi li pral detèmine montan ke pasyan an dwe a, si genyen. Depatman Counseling Finansye a pral enfòme pasyan an konsènan elijibilite l pou Asistans Finansye, ak montan Asistans Finansye sa a, nan delè ki pa depase trant (30) jou aprè rezolisyon an.
  3. Nenpòt pasyan ki bay tout enfòmasyon ki obligatwa yo epi yo refize l selon Politik la, pral gen dwa pou fè apèl desizyon sa a alekri nan Depatman Counseling Finansye a. Lèt refi a pral genyen ladan



enfòmasyon ki detaye pwosesis apèl ki disponib pou pasyan an. Tout apèl dwe afekte bay yon sipèviziè nan Depatman Counseling Finansye a pou rekonsiderasyon. Yo pral voye yon rezolisyon ekri konsènan yon apèl bay pasyan an nan delè oplita trant (30) jou aprè yo fin resevwa demann alekri pasyan an pou yon apèl.

4. Yon detèminasyon elijibilite selon Politik sa a pral aplikab pou yon (1) lane. Aprè peryòd tan sa a, yo pral prevwa pasyan k ap kontinye mande sèvis medikal ki nesesè oswa sila yo k ap prezante pou tretman ijans medikal yo pou reyaplike oswa pou aktyalize ansyen aplikasyon yo an konfòmite ak Politik sa a, pou pèmèt Nuvance fè yon nouvo detèminasyon konsènan elijibilite kontini pasyan an pou Asistans Finansye; sepan dan avèk akondisyon ke, selon EMTALA a, okenn Lopital p ap retade, refize oswa limite okenn tretman kondisyon ijans medikal pou detèmine elijibilite pou FAP.
- H.** Nuvance p ap voye yon pasyan nan koleksyon oswa otreman kòmanse aktivite koleksyon yo kont yon pasyan anvan li pèmèt pasyan an aplike pou Asistans Finansye selon Politik sa a, oswa pandan aplikasyon yon pasyan an atant pou Asistans Finansye oswa pandan Nuvance ap fè revizyon.
- I.** Lòt Opòtinite pou Asistans Finansye Kominotè

Anplis de pwosesis asistans finansye ki defini anwo a, Nuvance kapab pwolonje asistans finansye ki nan fòm diskont oswa swen gratis bay pasyan yo nan sikontans espesifik jan yo dakò sou sa avèk òganizasyon kominotè yo pou asire aksè kontini nan swen pou mamm ki vilnerab nan kominote li a. Pa egzanp epi san limitasyon, Nuvance genyen aranjman finansye espesyal ki an plas pou pasyan ke Amricares refere pou sèvis anbilatwa Lopital yo, menm jan ak Norwalk Community Health Center (pou pasyan sa yo, Nuvance pral aplike echèl frè varyab Sant Sante a nan kèk sikontans). Depatman Counseling Finansye Nuvance lan pral bay lòt enfòmasyon anplis sou demann konsènan potansyèl diskont oswa si yon aranjman avèk yon òganizasyon aplike.



## IV. KOMINIKASYON

**A. Disponiblite Asistans:** Nuvance pral kominike disponiblite Asistans Finansye yo bay pasyan li yo ak publik jeneral la atravè mezi ki genyen ladan bay oswa afiche kopi Politik sa a, yon rezime an langaj senp Politik la, aplikasyon pou Asistans Finansye yo, siyalizasyon ak bwochi ki apwopriye sou sit entènèt Nuvance lan epi nan etablisman li yo, nan chak Depatman Dijans Lopital la; nan zòn Admisyon ak Enskripsyon Pasyan yo; nan Depatman Counseling Finansye Pasyan an; nan lòt zòn datant nan tout lokal lopital la (jan sa kapab fonksyone yon fason ki rezonab epi ki apwopriye; nan klasè enfòmasyon pasyan ki genyen nan chanm pasyan yo; nan dokiman egzeyat yo; ak nan fakti ak relve kont yo voye bay pasyan yo. Anplis, Nuvance pral kominike ba publik la fason pou jwenn kopi Politik la, rezime an langaj senp, ak aplikasyon Asistans Finansye a pa lapòs epi gratis. Anplis, Politik Sa a, Rezime an Langaj Senp Politik sa a, ak Politik sou Kredi ak Koleksyon Nuvance yo disponib tou sou entènèt nan:

**WWW.NUVANCEHEALTH.ORG/FINANCIALASSISTANCE**

**B. Disponib Anpil:** Politik la, ak dokiman ki lye yo (ki genyen ladan Fèy Kalkil Aplikasyon an ak yon rezime an langaj senp) pral disponib pou pasyan an ak fanmi yo an Anglè, Panyòl, Pòtigè, ak tout lòt lang ki pa Anglè ki pale pa omwen 5% nan kominoke ke Lopital la sèvi, oswa ki pale pa moun ki pa pale Anglè ki genyen omwen yon poustan nan yon popilasyon zòn sèvis primè Lopital la oswa ki konte omwen 1,000. Yo pral ajoute lòt lang jan sa nesesè si ta genyen chanjman nan yon popilasyon pasyan Lopital la. Tout materyèl sa yo pral genyen ladan nimewo telefòn kontak ak/oswa adrès imèl pou pèmèt pasyan yo aksede nan resous ki apwopriye pou fini Fèy Kalkil la epi reponn tout lòt kesyon yo kapab genyen konsènan Politik Asistans Finansye Nuvance lan.

## V. DOKIMANTASYON AK KONSÈVASYON DOSYE

**A. Dosye:** Depatman Counseling Finansye a pral konsève tout dokimantasyon Asistans Finansye yo nan dosye Asistans Finansye Lopital la. Dosye Asistans Finansye a pral genyen ladan yon total ka Asistans Finansye, ansanm ak dokimantasyon sipò yo. Dokimantasyon sipò yo pral genyen ladan, omwen, sa yo ki swiv la: (i) Kantite kandida pou sèvis gratis ak sèvis pri redwi; (ii) kantite kandida ki apwouye; (iii) total chaj ak frè mwayen swen sante gratis ak pri redwi yo bay; (iv) tout lòt enfòmasyon ki nesesè, oswa nesesèman pou pèmèt deklarasyon ki konplè epi ki presi selon, lwa federal ak lwa eta ki aplikab yo (ki genyen ladan men san limite ak Conn. Gen. Stat. § 19a-673c, N.Y. Lwa sou Sante Piblik § 2807-k(9), ak I.R.C. §501(r)).

**B. Revizyon Anyèl:** Direktè Finansye a pral revize sitiyasyon pwogram Asistans Finansye a avèk Direktè Jeneral la, oswa reprezantan li a regilyèman. Direktè Jeneral la oswa reprezantan li a pral responsab pou prezante Politik Asistans Finansye sa a bay Konsèy Administrasyon an omwen chak ane.

Prezantasyon sa a pral genyen ladan yon deklarasyon detaye sou Politik Asistans Finansye Nuvance, enpak Politik la sou operasyon Nuvance yo ak nivo bezwen ak avantaj y ap konfere bay kominike a selon pwogram Asistans Finansye a.



C. Rapò: Enfòmasyon sou montan Asistans Finansye yo bay pasyan Nuvance yo pral fèt selon regleman ak lwa eta ak federal yo.

## ANÈKS 1

### **MACHASWIV SOU ELIJIBILITE ASISTANS FINANSYE selon Gid Federal 2023 an sou Povrete\***

Kantite Moun ki nan Fanmi an**	Gid Federal la sou Povrete (2023)	Nan 300% oswa Pi Ba Gid Federal la sou Povrete (100% amòtisman)	>300% - 350% Gid sou Povrete (75% amòtisman)	>350% jiska 400% Gid sou Povrete ( <i>Diskont AGB</i> )***
1	\$14,580	\$0 to \$43,740	\$43,741 to \$51,030	\$51,031 to \$58,320
2	\$19,720	\$0 to \$59,160	\$59,161 to \$69,020	\$69,021 to \$78,880
3	\$24,860	\$0 to \$74,580	\$74,581 to \$87,010	\$87,011 to \$99,440
4	\$30,000	\$0 to \$90,000	\$90,001 to \$105,000	\$105,001 to \$120,000
5	\$35,140	\$0 to \$105,420	\$105,421 to \$122,990	\$122,991 to \$140,560
6	\$40,280	\$0 to \$120,840	\$120,841 to \$140,980	\$140,981 to \$161,120
7	\$45,420	\$0 to \$136,260	\$136,261 to \$158,970	\$158,971 to \$181,680
8	\$50,560	\$0 to \$151,680	\$151,681 to \$176,960	\$176,961 to \$202,240

\* Anèks sa a pral aktyalize detanzantan pou reflete dènye FPG ki pibliye pa Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services).

\*\* Pou inité *familyal* ki genyen plis pase 8 manm, pou detémine chif debaz gid federal la sou povrete, ajoute \$5,140.00 pou chak lòt manm anplis.

\*\*\* Diskonyt AGB a varye pa Lopital:

- Danbury Hospital:** **61.48%**
- Norwalk Hospital:** **63.62%**
- New Milford Hospital:** **61.48%**
- Sharon Hospital:** **58.75%**
- Vassar Brothers Medical Center:** **58.35%**
- Putnam Hospital Center:** **64.76%**
- Northern Dutchess Hospital:** **55.58%**

**ANÈKS 2-CT (Lopital Connecticut yo)**  
**FÈY KALKIL FINANSYE POU SOUS PEMAN/PASYAN AN**

Non Pasyan an: \_\_\_\_\_  
 Kantite Moun ki nan Fanmi an: \_\_\_\_\_

Nimewo Kont: \_\_\_\_\_

<b>1A</b>	<b>Kalkil Revni ki Disponib</b> <b>Salè/Pansyon Chak Mwa</b> <b>SSI/VA Chak Mwa</b> <b>Total Revni</b>	_____ x 12 _____
		_____ x 12 _____
		_____ x 12 _____ (AA)
<b>1B</b>	<b>Kalkil Depans Chak Mwa</b>	
	<b>Lwaye</b>	_____
	<b>Elektrisite</b>	_____
	<b>Gaz</b>	_____
	<b>Telefòn</b>	_____
	<b>Dlo</b>	_____
	<b>Peman pou Machin</b>	_____
	<b>Kat Kredi</b>	_____
	<b>Asirans</b>	_____
	<b>Lòt _____</b>	_____
	<b>Manje (\$100.00 x depandan)</b>	_____
	<b>Total Depans Chak Mwa</b>	_____
	<b>Total Depans</b>	_____ x 12 _____ (BB)
<b>1C</b>	<b>Revni ki Elijib pou Fakti Lopital yo</b> <b>(AA – BB) (Si mwens pase 0, antre 1)</b>	_____ (CC)
<b>1D</b>	<b>Estimasyon Faktirasyon Lopital pou Pasyan an</b>	_____ (DD)
<b>1E</b>	<b>Idantifikasyon Byen an Likid</b>	
	<b>Kont Bankè</b>	_____
	<b>Obligasyon</b>	_____
	<b>Estòk</b>	_____
	<b>CD</b>	_____
	<b>Fon komen plasman</b>	_____
	<b>Total Byen an Likid</b>	_____ (EE)
<b>1F</b>	<b>Total Pasyan an Dwe mwens Byen an Likid yo (DD-EE)</b>	_____ (FF)
<b>1G</b>	<b>Revni ki Elijib mwens Sa Pasyan an dwe (CC-FF)</b>	_____ (GG)
	<b>Remak: Si GG a se yon chif negatif, lè sa pasyan an p ap genyen okenn responsablite finansye.</b>	

Mwen ateste ke enfòmasyon yo ki anwo a kòrèk.

       Mwen ateste ke Pasyan an/Sous Peman an nan chomaj epi li pa ka bay dokimantasyon chomaj.

---

**Siyati Pasyan an/Sous Peman**

---

**Dat**

**ANÈKS 2-NY (Lopital New York yo)**  
**FÈY KALKIL FINANSYE POU SOUS PEMAN/PASYAN AN**

Non Pasyan an: \_\_\_\_\_  
 Kantite Moun ki nan Fanmi an: \_\_\_\_\_

Nimewo Kont: \_\_\_\_\_

**1A Kalkil Revni ki Disponib** \_\_\_\_\_ x 12 \_\_\_\_\_  
**Salè/Pansyon Chak Mwa** \_\_\_\_\_ x 12 \_\_\_\_\_  
**SSI/VA Chak Mwa** \_\_\_\_\_ x 12 \_\_\_\_\_  
**Total Revni** \_\_\_\_\_ x 12 \_\_\_\_\_ (AA)

**1B Kalkil Depans Chak Mwa**

Lwaye	_____
Elektrisite	_____
Gaz	_____
Telefòn	_____
Dlo	_____
Peman pou Machin	_____
Kat Kredi	_____
Asirans	_____
Lòt _____	_____
Manje (\$100.00 x depandan)	_____
<b>Total Depans Chak Mwa</b>	_____
<b>Total Depans</b>	_____ x 12 _____ (BB)

**1C Revni ki Elijib pou Fakti Lopital yo** \_\_\_\_\_ (CC)  
 (AA – BB) (Si mwens pase 0, antre 1)

**1D Estimasyon Faktirasyon Lopital pou Pasyan an** \_\_\_\_\_ (DD)

**1E Revni ki Elijib mwens Sa Pasyan an dwe (CC-DD)** \_\_\_\_\_ (EE)

Remak: Si EE a se yon chif negatif, lè sa pasyan an p ap genyen okenn responsabilite finansye.

\_\_\_\_\_  
 Mwen ateste ke enfòmasyon yo ki anwo a kòrèk.

\_\_\_\_\_  
 Mwen ateste ke Pasyan an/Sous Peman an nan chomaj epi li pa ka bay dokimantasyon chomaj.

\_\_\_\_\_  
 Siyati Pasyan an/Sous Peman

\_\_\_\_\_  
 Dat

### **ANÈKS 3**

#### **FÒMILÈ DETÈMINASYON ELIJIBILITE POU ASISTANS FINANSYE**

Dat: \_\_\_\_\_

Nuvance te fè yon detèminasyon elijibilite pou Asistans Finansye pou:

Non: \_\_\_\_\_

Nimewo Dosye Medikal: \_\_\_\_\_

Selon enfòmasyon pasyan an te bay oswa sou demann pasyan an, yo te pran detèminasyon sa yo.

\_\_\_\_\_ Yo te refize demann ou an pou Asistans Finansye paske revni w depase limit ki defini nan Politik Asistans Finansye Nuvance lan.

\_\_\_\_\_ Demann ou an pou Asistans Finansye te apwouve pou sèvis yo te bay nan\_\_\_\_\_. Yo pral konsidere tout balans lan kòm swen gratis.

\_\_\_\_\_ Demann ou an pou Asistans Finansye te apwouve jan sa dwe fèt pou sèvis yo te bay nan \_\_\_\_\_. Ou pral resevwa yon nouvo faktirasyon ki endike nouvo balans redwi ou an.

\_\_\_\_\_ Ou kalifye pou yon diskont nan frè yo selon echèl frè varyab Nuvance lan. Tanpri kontakte nimewo telefòn ki sou nouvo fakti ajiste ou a pou jwenn yon plan peman sou balans lan (si nesesè).

\_\_\_\_\_ Yo te refize demann ou an pou rezon sa a:

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_ Lòt (tanpri dekri an detay):

\_\_\_\_\_

Si ou genyen kesyon konsènan detèminasyon sa a, tanpri kontakte:

\_\_\_\_\_ nan  
\_\_\_\_\_, ekstansyon \_\_\_\_\_.